Ассаламу гӀалайкум!

ЗахӀмат бихьичӀого, рахӀат бокьарас,
БекьичӀого, лъилъе, нилъ гьечӀого, хур.
Инхоса Пали-хӀажи

www. mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 41 (6561) 14 август 2017 с. Итни ЗулкъагӀида 1438 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## БакӀал ралезул къо

**ХӀурматиял районалъул киналго бутӀабазул бакӀал ралел! Баркула нужеда бакӀал ралезул къо.**

Нужер свак гьечӀеб захӀматалдалъун, махщалидалъун ахирал соназда нилъер районалдаги церетӀуна бакӀалрай. Щибаб росулъ цӀикӀкӀунел руго гӀадамаз ралел жалго бетӀергьанал, гьанже заманалъул санагӀатал минаби.

РакӀчӀараб буго районалда бакӀалрай хадубккунги цебетӀезе букӀиналда ва бакӀал ралез район экономикиябгун социалияб рахъалъ цебетӀезабялъулъ мустахӀикъаб бутӀа лъезе букӀиналда.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, халатаб гӀумру, хӀалтӀулъ бергьенлъаби.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀерасул ишал тӀуразарулев
ХӀажимурад МухӀамадов

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## Лъадал, нухлул, ракьул суалал

**ХӀажимурад МухӀамадов дандчӀвана Ингишо росдал гӀадамалгун**

**Гумбет районалъул бетӀерасул ишал тӀуразарулев ХӀажимурад МухӀамадов 6 августалда дандчӀвана Ингишо росдал гӀадамалгун. Гьенир гьоркьор лъуна росу социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетӀеялъул рахъалъ церечӀарал масъалабазул хӀакъалъулъ суалал.**



Ингишдерица рорхана гьекъолеб лъим гӀураб къадаралда гьечӀолъиялъул, росулъе бугеб нух цӀадбанщинахъе гвендахун, автотранспорт хьвадизе санагӀат гьечӀеб хӀалалда букӀиналъул суалал. ДандчӀваялда ХӀажимурад МухӀамадовас абуна лъел суал хьаравуллъиялде босун бугин, нух капиталияб ремонталъул планалда гьоркьобе бачун ва хъил тӀезе рес рекъоларищан бихьизе бугин.

Рорхана гьединго хӀалтӀудалъун хьезариялда, росулъе газ бачиналда, росу берцин гьабун къачӀаялда хурхарал суалалги. Районалъул бетӀерас ингишдерида цебе масъала лъуна росдал магӀишаталъе пайда кьолеб ракь хӀалтӀизабизе ккеялъул хӀакъалъулъ.

«Гумбет» РИО

ИМАМ ШАМИЛ ГЬАВУРАЛДАСА - 220 СОН

## Каранда къараб хеч кьурун бахъарав...

**МелъелтӀа ракӀалде щвезавуна кӀудияв имам**

**Гумбет районалъул Ме-лъелтӀа росдал маданиябгун хӀухьбахъиялъул централда 7 августалда росдал библиотекаялъгун цадахъ тӀобитӀана имам Шамил гьавуралдаса 220 сон тӀубаялъул хӀурматалда дандеруссин.**

Тадбиралда гӀахьаллъана МелъелтӀа гьоркьохъеб ва аслияб школазул цӀалдохъаби.



Гьеб тадбир тӀобитӀарай маданиябгун хӀухьбахъиялъул централъул нухмалъулей **ГӀазра РурухӀмаевалъ** бицана имам Шамилил гӀумруялъул, гьесул гьитӀинаб заманалъул, хъизаналъул, гьес бихьизабураб бахӀарчилъиялъул хӀакъалъулъ. Хасго тӀадчӀей гьабуна АхӀулгохӀда ккарал лъугьа-бахъиназда. Шамилица хӀеж борхизе гьабураб сапаралъул хӀакъалъулъ бицана библиотекаялъул нухмалъулей **Умижат Халидовалъ.**

-2017 соналъ МелъелтӀа кӀодо гьабизе буго имам Шамил гьавуралдаса 220 сон тӀубаялъул юбилей ва бокьарав чи рачӀине бегьула гьеб тадбиралде, -ян абуна ГӀазра РурухӀмаевалъ.

«Гумбет» РИО

## «Рилълъа АхӀулгохӀде зияраталде»

**ЦӀиликьги Шамил имамасул хӀурматалда тадбир тӀобитӀана**

**ЦӀиликь росдал маданиябгун хӀухьбахъиялъул централда, 3 августалда, тӀобитӀана «Рилълъа АхӀулгохӀде зияраталде» абураб ахӀиялда гьоркь тадбир.**

Гьениб МухӀамад Гунащевас хъвараб «ЛъечӀони щиб, имам, дуе памятник» абураб назму ЦӀалана ЦӀиликь гьоркьохъеб школалъул учительница **Мадина ГӀусманхӀажиевалъ, ГӀиса Шарапудиновас** хъвараб «Рилълъа АхӀулгохӀде зияраталде» абураб назму студентка **Зайнаб ХӀажиевалъ,** «Шамилиде» абураб назму Россиялъул халкъазул гӀадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул методист **Рапият УхӀумагӀалиевалъ** рикӀкӀана, Шамилил гӀумруялъул хӀакъалъулъ бицана ЦӀиликь росдал библиотекаялъул нухмалъулей **ГӀазра Абубакаровалъ,** ЦӀиликь росдал маданиябгун хӀухьбахъиялъул централъул нухмалъулев **ГӀабдухаликъ ГӀубайдовас** ва цогидазги.

ГӀайшат Исламбиева

НОМЕРАЛДА РУГО:



«Лаченалъе» «Аздагьодул хазина»
-2 гьум.



РекӀел ахӀиялъухъ гӀенеккараца гӀужбуялъе гуро цӀунараб ВатӀан
-2 гьум.



ЦӀиял карточкаби хӀажалъула
-3 гьум.



Улучшение инвестиционного климата
-4 стр.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса ГIали-хIажи



КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## «Лаченалъе» «Аздагъодул хазина»

### ШагIиралъулгун дандчIвай

**3 августалда ЦIиликь росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централда тIобитIана МелъелтIаса шагIир ПатIимат АхIмадибировалъулгун дандчIвай. Гьеб тадбир тIобитIана централъул нухмалъулев ГIабдухаликъ ГIубайдовас ва гьеб росдал библиотекаялъул нухмалъулей ГIазра Абубакаровалъ.**

ДандчIваялда гIахьаллъи гьабуна Россиялъул халкъазул гIадатияб маданиятальул централъул, районалъул централияб библиотекаялъул хIалтIухъабаз. ЦIиликь росдал гьоркьохъеб школалъул учительзабаз, цIалдохъабаз, «Лачен» ясли-ахалъул киналго хIалтIухъабаз, ахальул гьитIичаз ва гь. ц. ГIуцIун букIана ПатIимат АхIмадибировалъул, ГIиса Шарапудиновасул ва цогидалги авторазул тIахьазул выставка.

ДандчIвай рагьана ПатIимат АхIмадибировалде МелъелъелтIаса ПатIимат МухIамадовалъ ва Салимат ХIамидовалъ хъварал кучIдул хIалулаго. МелъелтIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ГIазра Халидовалъ.

АнцIила цо тIехьалъул автор ПатIимат АхIмадибировалъ лъималазе цIалана «Аздагъодул хазина» тIехьалдасан маргьаби, харбал, кучIдул.

«ГIумрудул къоял» тIехьалдасанги бицана харбал, цIалана Дагъистаналде, Гумбет районалде гьарурал ва цогидалги кучIдул.

ПатIиматица ЦКДялъе, библиотекаялъе, ясли-ахалъе кьуна «ГIумрудул къоял» ва



«Аздагъодул хазина» абурал тIахьал. РакI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна ЦКДялъул ва библиотекаялъул нухмалъулезе.КIалъазе рахъарал ЦКДялъул нухмалъулев ГIабдухаликъ ГIубайдовас, библиотекаялъул нухмалъулей ГIазраъ Абубакаровалъ, Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбет районалъул централъул методист Бика ГIабдулхIалимовалъ,районалъул лъималазулгун гIолилазул библиотекаялъул нухмалъулей ПатIимат ХIусеновалъ ва цогидазги бицана шагIиралъул гIумрудул нухалъул, гьелъ хъварал тIахьаздасан цо-цо лъикIал харбал, гьарана ПатIиматие сахлъи, рохел, икъбал.

ГIабдухаликъ ГIубайдовас АхIмадибировалъе сайгъат гьаруна Гьарадирихъа АхIмад ГIисаевас хъварал «Ирмадуль ГIавали», «ГIибадатазул фикьгьи» абурал тIахьал .

**ГIайшат Исламбиева**

ШАМИЛ ИМАМАС 220 СОН ТIУБАЯЛДЕ

## «Дур тIерхьунареб цIва АхIулгохIалда»

### Кавказалъул имамасул къеркьеялъул бицана Килалъ

**Дур тIерхьунареб цIва АхIулгохIалда – гьединаб цIаралда гьоркь 2 августалъ Килалъ росдал маданияб централда тIобитIана конференция МухIамад ХIамзаевасул «Имам Шамил» абураб тIехьалда тIасан кIудияв имамас 220 сон тIубаялъул ва АхIулгохIалда рагъ ккаралдаса 178 сон тIубаялъул хIурматалда.**

КонференциялдагIахьаллъи гьабуна росдал учреждениязул, гIуцIабазул хIалтIухъабаз, диниял хIаракатчагIаз, росдал гIолохъабаз, Абулмуслим шайихасул цIаралда бугеб мадрасаялъул мугIалимзабаз ва студентаз. Конференция рагьана ва саламалъулаб кIалъай гьабуна маданияб централъул нухмалъулев **Исрапил Заирбеговас.** МухIамад ХIамзаевасул ГIумруялъул ва хIаракаталъул бицана росдал школалъул авар мацIалъул мугIалим **Загьидат КъурамухIамадовалъ.** Шамилил лъимерлъиялъул, мутагIиллъиялъул, ГьаракIуниниса СагIидил мадрасаялда рукIинесел имамзаби цIалиялъул, гьениб ГъазимухIамадил, ХIамзатбегил ва Шамилил гьудуллъи щулалъиялъул, гьез эркенлъиялъе гIоло къеркьей байбихьиялъул бицана гIемераб заманалъ жинца мугIалимлъи гьабурав **МухIамад ГIабдулкаримовас.** Лъабго моцIалъ АхIулгохIда ккарал рагъазул, гьенив имамасул вас Жамалудин аманаталъе кьеялъул, муридзабаз бихьизабураб къохIехьеялъулги бахIарчилъиялъулги бицана Исрапил Заирбеговас. Килдерил ракьалда РочIоб, КIанчIилъ магIарда имамасул рештIенги, гьес рагъуе рарал щулалъабазулги бицана росдал библиотекаялъул нухмалъулей **Гъумайзат Запировалъ.** Дунялалъулго цебетIураб инсаниялъ Шамилил нухмалъиялда гъоркь эркенлъиялъе гIоло гьабураб къеркьеялъе къураб къиматалъул бицана росдал администрациялъул бетIер **АхIмад Каримовас.**

ГIурус пачаяс Шамилил гьабураб хIурматалъул, Калугаялде гьев витIиялъул ва гьениса СагIудиязул ГIарабиялде ине изну кьеялъул, Инхоса ГIали-ХIажиги Шамилги гIарабазул ракьалда дандчIваялъул бицана дандеруссиналда. Конференциялда студентка **Шагъузат Жамалудиновалъ** ва цIалдохъан **Зайнаб Заирбеговалъ** цIалана Расул ХIамзатовасул, Игьалиса Чупаласул ва Исрапил Заирбеговасул имамасде гьарурал кучIдул.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ…

## ХIажимурадица кIиабилеб бакI ккуна

**Аргъвани росулъа ХIажимурад ХIажиев эркенаб гугариялъул рахьалъ кадетазда гьоркьоб 26 июлалда Босния-Герцоговиналда тIобитIараб Европаялъул чемпионаталда гIахьаллъана Азербайжаналъул командаялда гьорлъ. Гьениб кIиабилеб бакIги щун тIадвуссана.**

Араб соналъги Швециялда тIоритIарал речIчIухъанлъиялъул къецазда ХIажимурадица лъабабилеб бакI ккун букIана.

Районцояз, росуцояз, гьудул-гьалмагъзабаз баркулеб буго ХIажимурадида бергьенлъи ва гьарулеб буго сахлъи, рохел, спорталъулъ икъбал.

**«Гумбет» РИО**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ…

## РекIел ахIиялъухъ гIенеккараца гIужбуялъе гуро цIунараб ВатIан

### Изну гьечIого яргъид гIуцIарал Шамил Басаевасул хъамалчагIи Дагъистаналдаса рачахъаралдаса 18 сон тIубаялде

**ВатIан бокьи иманалдаса кколилан абураб Аварагасул (с. т. гI. в.) хIадисалдасан байбихьана дица гьаб макъала хъвазе. ХIакълъунго дидаги бихьидал иман щулиязе ВатIаналъул хиралъи.**

1999 соналъул августалда жидер пикру къосун ккараб агьлуялъ, нилъер Дагъистаналъул ракь, нилъер мукъадисаб ВатIан чорок гьабизе къасдалгун, гIорхъи бахараб заманалда, гIемеразда бичIчIана мадугьалихъ ругел халкъазул цо-цо къокъабазул нахъегIанлъи. Пирхараб пири гIадин, хехго тIибитIана гьеб хабар Бакълъулазул районалдаги. Гьал мугIрузда гIурал гIадамазе кутакалда бакIаб асар гьабуна гьеб хабаралъ. ВатIанияб рагъул хабар рагIараб мехалъгицин гьал магIарулазе гьеб гьедигIанго захIмалъун батиларо, гIасрабаз нилъгун вацлъиялдайнги рукIун, къо ккаралъур цоцазул хьолбохъ чIолел рукIарал чачаназул ракьалдасан, гьараяб куцалъ, умумузул гIадаталги гIадамазул хьвадиги хвезе гьабун, хъачагъазул къокъаби Дагъистаналъул ракьалде лъугьараб мехалъ гIадин. Гьебги - хирияб АхIулгохIда рагъ ккаралдаса 160 сон тIубай кIодо гьабулел къояз. Гьеле гьел къояз бихьана дида гIадамазе жал гIурал, гьавурал росдал, районалъул, ВатIаналъул хиралъи.

Гьел къояз бихьана дида гIадамазул таваккалги, бахIарчилъиги, иманги, яхI-намусги. Хайираб заман иналде, районалъул администрациялъул ахIиялъухъе ракIарарал гIадамаз аслияб байданалда рахъун чIезе бакI щолеб хIал букIинчIо. Гумбеталъул бахIарчияб полициялда цадахъ, щварас щвараб ярагъги балагьун, митингалде ракIарана районалъул росабалъа гIолохъаби. Митингалда кIалъазе вахъарав районалъул администрациялъул бетIер мунагьал чураяв ХIажил МухIамадица бицана бугеб хIакъикъат ва халкъ ахIана вагьабияталъул идеологиялда нахъа рахчарал хъачагъазул къокъабазда данде къеркьей гьабизе.

Гьединалго кIалъаял гьаруна Гумбеталъул РОВДялъул нухмалъулев ГIабдулатIип ГIабдулатIиповас ва районалъул рагъулав комиссар МухIамад Дибировас. Районалъул щибаб росу лъугьана хъачагъазда дандечIараб хъалалъун, щибаб росулъ гIуцIана ополчениялъул къокъаби.

Щибаб росу мустахIикъаб буго гьеб къеркьеялъул хIакъалъулъ хъвазе. Дир къаламалъул бегIерлъи, пасихIлъи гьечIониги, дида бажарухъе, бицине ракIалда буго, Аллагьас хъван батани, газеталъул хадусел номеразда.

**Исрапил Заирбегов**

РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ

## Росдал агьлуялда аза-азар чи гIаги

ЛъебергоялдасацIикIкIун соналъ хIалтIулев вуго дун МелъелтIа районалъул централияб больницаялда терапевтлъун. МелъелтIа росдал гIадамал дида ратана гьудуллъи щулиял, гьобол хириял рагьарал ракIазул гIадамал. Гьелгощинал соназ гьез дида кидаего абичIо дун пашман гьавулеб рагIи. Щиб учреждениялде гIуцIиялде аниги, къваригIел тIубачIого течIо. Гьанже херлъунги вугелъул, дие бокьун буго тIолазего ракI-ракIалъул баркала загьир гьабизе.

Я Аллагь, росдал агьлуялда аза-азар чи гIаги, рохалида таги, кири кIодо гьабеги.

**ГьайирбегАхIмадов, Гумбет районалъул больницаялъул врач – терапевт**

ЗУЛАЙХАТИЛ ГIАКАГИ ГIАЛИГЪАЛБАЦIИЛ ОЦГИ

## Бакълъулазул ветеринариял хIалтIухъаби роолил мучIдузда

**- Гумбет районалъул ветеринарияб управлениялъул хIалтIухъабаз роолил мучIдузде ун, СПКязул ва гIадамал бетIергьанаб гIияда бруцеллез бугищан би бахъулеб, уколал гьарулел ва хухазе къочIол унтиялде данде дару кьолеб буго, - ян бицана районалъул ветуправлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевас.**

Бахъана 6 азарго чахъдадаса би ва гьаруна уколал. Гьединго ТIаса Гьарадирихъ ГIарахъ магIарда бугеб боцIуда щокърол унтиялда данде уколал гьаруна. Свак лъачIого хIалтIулел руго ветеринарияал хIалтIухъаби Анварбег Расулов, Сахратула Булатханов, МухIамад ХIизбулаев, Аслудин Насрулаев, МухIамад ДарбицмухIамадов ва цогидалги.

Гьанже ветеринариял хIалтIухъабаз байбихьизе буго бачазда хIунсул ва къочIол унтиялде данде уколал гьаризе.

**ГIайшат Исламбиева**

ХАНЗАБАЗУЛГИ ХАН ХЪАХIАВ ХАН ВУГО

# ЦIиял карточкаби хIажалъула

**Пенсия бикьиялъул цIилъабазул хIакъалъулъ: «Мир» системаялдасан пайда босизе ккеялъул лъазаби**

**«Гумбет» басмаялъул хIалтIухъаналъул суалазе жавабал кьолел руго Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделениялъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновас.**

**- ТIалхIат, кинал хисабасиял ругел страховияб стаж рикIкIиналъул (пенсия чIезабизе ккани)?**

- Россиялъул хIукуматалъ 2014 соналъул 2 октябралда къабул гьабураб №105 хIукмуялда рекъон, 80 сон барав чиясда, лъимал – инвалидазда ва тIоцебесеб группаялъул инвалидасда хадуб хъулухъ гьабураб заман, документ гьечIого, пенсионнияб фондалда ругел переучеталъул баяназда рекъон, стажалъе рикIкIине буго. Гьебго хIукмуялъ рес кьолеб буго стажалъе малъизе:

- жиндиего яги цойги чиясе гIоло страховиял взносал кьураб заман, гьелги пенсиязул фондалда ругел баяназда рекъон;

- гIилла гьечIого жанир тIамурал ва хадур гIайиб гьечIилан къватIире риччарал гIадамазул заман.

**- Щибжо кколеб федералияб социалияб тIадежубай (доплата)?**

- Федералияб социалияб тIадежубай гьабула пенсиязул фондалъ, гьебги гьабула хIалтIулев гьечIев пенсионерасе, гьесул пенсиялъул гIарцул къадар гIумру гьабиялъе хIажалъулеб пенсиялъул къадаралде бахунеб гьечIони. 2017 соналъул 1 январалдаса гьеб тIадежубай гьабуна 8374 гъурущ пенсия щоларел пенсионеразе. ХIакъикъаталда нилъер гIемерисел пенсионеразе пенсия чIезабулелъул, пенсиялъул къадар 4000- 6000 гъурущалде гурони бахунаро. Гьединаб пенсия бугезе, 7000 ва 8000 гъурущ бугезеги кьола федералияб тIадежубай ва гьединазе киназего чIезабула 8374 гъурущ пенсия.

**- Ахирияй соназ бицунеб букIана софинансированиялъул абулеб программаялъул, жакъа гьеб программа хIалтIулебищ?**

- Софинансированиялъул программа хIалтIизе байбихьун, пенсиялде инелде жидерго счетазде бокьун взносал кьеялдалъун, пенсия цIикIкIинабизе рес букIана. Программа хIалтIана 2016 соналъул ахиралде щвезегIан ва жакъа гьел взносал росулел



гьечIо. Амма жидеца пенсиязул фондалде взносал кьеялдалъун ва кьураб гIанасеб взносалда бащадаб гIарац хIукуматалъги кьолеб букIиналдалъун, гьеб программаялда хутIаразе пенсия цIикIкIинабизе рес щвана. Масала, 2017 соналда гьедин гIадамаз кьураб гIарац Россиялда 5,7 миллиард гъурущалде бахана, 5,5 миллиард хIукуматалъги кьедал, 11,2 миллиард гъурущалъ цIикIкIинабизе рес щвана пенсиялъул накопительнияб бутIа. Гьаниб рехсезе ккола, гьеб программаялда гьоркьоре ккарал взносал щибаб соналъ цIикIкIинарулел рукIин.

200 гъурущалдаса 1200 гъурущалде щвезегIан щибаб моцIалъ гIарац жиндиего бокьун жиндирго счеталде рехарав чиясе гьедигIанасеебго къадар хIукуматалъги кьолеб буго ва гьев чиясул индивидуалияб личный счеталда (ИЛС) букIина гIарцул гьеб къадар. Пенсия чIезабулелъул, гьеб гIарацалъ квербакъула пенсия цIикIкIинабизеги.

**- НПФалъул (негосударственный пенсионный фонд) лицензия нахъе ахIиялдалъун гьеб къана, гражданазул пенсионниял нахърателал кодор щвечIого хутIулелищ?**

- НПФалъул лицензия аннулировать гьабураб заманалдаса байбихьун страховщиклъун (жаваб кьолеб) лъугьуна Россиялъул пенсиязул фонд. ХIалтIулеб бакIалдасан кьурал взносал, софинансирование гьабун, жинцаго кьурал; софинансирование гьабун, хIукуматалъ кьурал киналго взносал НПФалдаса ПФРалде нахъе рачIуна. Гьениб камула, тIадехун рехсарал взносал хIалтIизарун НПФалъ кьезе букIараб гIарац.

**-Цебе кьезе кколаан гIарза 1 октябрь тIаде щвелелде, кинал социалиял услугаби жиндиего телел, кинал гIарцудалъун росилелали бихьизабун, гьанже щиб къагIида бугеб?**

- ГьабсагIаталда инвалидлъи чIезабурав чиясе кьола пенсия ва тIаде ЕДВ. Пенсия чIезабулелъул, цадахъго ЕДВялъул къадарги чIезабула. Пенсия чIезабулелъул гIарзаялда цадахъ кьезе бегьула 1 октябралдего гIарза, тIасияб соналъул 1 январалдаса хадур услугаби кинал телел, киналъухъ гIарац босилебали бихьизабураб. БачIунеб соналъул 1 январалде щвезегIан киналго услугаби кьоларо гIарцудалъун, гьединлъидал ЕДВялъул къадаралдаса гьоркь ккола 1048 гъ. 97 копекги. Гьелдаса хадуб гIарза кьола пенсионерасда социалиял услугаби росизе яги гIарцудалъун хисизе ракIалде ккани. Щибаб соналъ гIарза кьезе кколеб къагIида гьанже хIалтIизабуларо.

**- Пенсионерасул гIарзаялда рекъон, нужеца пенсия рехула банкалда бугеб лицевияб счеталде яги карточкаялде. Нилъер миллияб (национальный) платежнияб система «Мир» хIалтIизе байбихьидал, рес бугебищ гьенибе карточкаялде пенсия рехизе бокьарав пенсионерасул гIарза къабул гьабизе?**

- Россиялъул захIматалъул министерствоялъ хIадурун руго кьотIи-къаязул форма ва пачалихъиял хъулухъал гьариялъул административияб регламент. Гьелда бихьизабун буго банкалъул карточкаялде пенсия яги выплата рехизе бокьараз миллияб платежнияб «Мир» системаялдасан пайда босизе ккеялъул лъазаби. КьотIиялда хъван буго банказда тIадаб бугилан «Мир» системаялдасан пайда босулеб гьечIони, пенсия яги выплата пенсионерасухъе кодобе кьезе пенсионнияб фондалде нахъбуссинабеян. Гьаб тIадехун рехсараб къагIида хIалтIизабизе буго жидее 2017 соналъул 1 июлалдаса байбихьун пенсия чIезабурал пенсионеразе.

ХутIарал пенсионеразе тIадехун рехсараб къагIида хIалтIизабизе буго 2020 соналъул 1 июлалдаса байбихьун. № 400 Федералияб Законалда рекъон щибаб регионалда бугеб пенсионнияб фондалъул отделениялъул нухмалъулев – управляющияс гьабула кьотIи щибаб банкалъулгун, почталъулгун ва хасал (альтернативиял) организациязулгун. Дагъистаналда ругел организациязулгун гьарун руго кьотIи-къаял ва пенсионерасул ихтияр буго кьотIи-къаял гьарурал организациялдасан жидеца пенсия босизе гIарза хъвазе пенсионнияб фондалъул бакIалъулаб отделениялде.

Республикаялда жанир хIалтIулел гьечIел банкал яги республикаялда ругел, амма ПФРалъул отделениялъулгун кьотIи-къай гьечIеб организация пенсионерас тIаса бищизе бегьуларо. Нилъер районалъул пенсионеразе пенсия щвезабизе кьотIаби гьарун руго: ООО «Рохел», жинца пенсия кодобе щвезабулеб, сбербанк ва «Россельхозбанк», жидеца счеталде яги карточкаялде пенсионнияб фондалдаса пенсия ва цоги выплатаби къабул гьарулел.

**- Цо-цояз абулеб буго цIидасан пенсия бикьиялъул суал почалъухъе кьезе бугилан. Щибин абулеб дуца гьелда хурхун?**

- Кинабго хIалтIи нилъеца гIуцIуна законалда рекъон. Законалъ абулеб буго – «киса жиндица пенсия босилебали ихтияр бугев чи ккола живго пенсионер». Пенсия босулеб бакIалъул ургъел гьесда жиндаго тIад къан буго законалъ. Пенсионерас гIарза хъвала бакIалъулаб ПФРалъул отделалде, бихьизабула жиндица пенсия босулеб учреждение. Жакъа кьоялда ПФРалъул отделениялъ почалъулгун гьабураб кинабгIаги кьотIи-къайги гьечIо, пенсия бикьизейин гьабураб.

Почалдасан пенсия бикьи 2003 соналде щвезегIанги букIана. Гьеб заманалда пенсионеразул кIудияб гIарз букIана пенсия жиндир заманалда щоларин. Щибаб моцIалъ гIарац гьечIолъиялда банилан гIиллабиги ратун, районалъул 3-4 росулъе пенсия щолароан, хадусеб моцIалъ цойги 3-4 росулъе камулаан, почалъухъе киназего гIураб гIарац щибаб моцIалъ рехулеб бугониги. Гьединлъидал батила гIадамазги почалдасан босичIого пенсия босизе цойги къагIида бищараб. МухIканаб буго, 2003-2017 соназ щибаб моцIалъ щибаб росулъе бихьизабураб пенсиялъул гIарац чIезабураб заманалда цониги нухалъ камичIого щвезабулеб букIин.

Ахираб заманалда нилъер районцояз тIаса бищулеб буго сбербанкалде ва «Россельхозбанкалде» карточкаялде гIарац рехи. Гьединазул къадар цIикIкIунебги буго.

**- ХIалтIудаса пенсионер нахъе индал, гьесул пенсиялъул индексация кин ва кида гьабулеб?**

- 2017 соналъул 1 июлалъ тасдикъ гьабураб № 134 – ФЗ – Федералияб Законалда рекъон, жибги 2018 соналъул 1 апрелалдаса хIалтIизабизе бугеб, хIалтIулев пенсионер хIалтIудаса гIодов чIани № 400 – ФЗ Законалда рекъон индексация (цIикIкIинаби) гьабула хIалтIудаса гIодов чIараб моцIалда хадусеб моцIалъул тIоцебесеб кьоялдаса байбихьун. Гьедин цIикIкIинабураб пенсиялде тIадежубай (доплата) пенсионерасе кьезе байбихьула, пенсионер хIалтIулев вукIараб учреждениялъ № 27 – ФЗ – Федералияб Законалда рекъон кьолеб отчет кьурабго.

**Гара-чIвари гьабуна КъурмагIиз ХIадисовалъ**

ТIИБ

# Загъруяб «дару»

**Халкъалда гьоркьоб жакъа кьоялъул унтарал суалазул цояблъун ккола сунтI бай (насвай). Абизе бегьула гьеб гIадамаз кIвар гьабулареб, амма жиндасан кIудияб зарал ва мунагь бугеб жо бугин. Дагъистаналъул шагьаразул базараздаги, тукабаздаги балъгоги тIатунги бичулеб буго сунтI-насвай абулеб жо. Гьелъул багьа 10-20 гъурущ букIиналъ, школалда цIалулел лъималазги байбихьун буго сунтI хIалтIизабизе. Байбихьиги лъолеб буго кепалъего гIадин, цогидаз гьабулеб бихьидал, хIалбихьизеян ва ругьунлъулел руго гьелде.**

Гьеб хIалтIизе гьабиялдалъун лъимал лъугьунел руго ракIалда жо чIолареллъун ва пагьму гьечIеллъун. СунтIалъ лъималазул гIадалнахалъеги зарал гьабулеб буго . Гьединго, хехго ццим бахъунеллъун ва нерваби холеллъун лъугьунел руго. СунтI кколеб буго цIакъго зарал цIикIкIарал наркотикал хIалтIизаризе лъимал ругьунлъиялъе нух рагьиялъе сабаблъунги. Гьеб сунтI хIалтIизабулеб буго саламатал, ригьалдаса арал руччабазги. Дирго бералда бихьана 70 сонил ригьалда йигей гIаданалъ сунтI балеб. Унтун больницаялда регаразда гьоркьорги рисъана сунтI балел чIахIиял руччаби. Гьеб хIалтIизабиялъул щиб хайир бугебин суал кьедал, гьез абула гIемераб жоялъе дару бугин, гьелъ гайморит сах гьабулин. ХIакъикъаталдайин абуни гьеб дару гуро. Дарулъун хIалтIизабиги битIараб гьечIо. Щайин абуни, бокьараб унтуе ва гьединго гаймориталъе руго гIезегIан лъикIал дараби. Исламалъ хIарам гьабураб ва медицинаялъ сахлъиялъе хIинкъи бугеблъун рикIкIунеб сунтI дарулъун хIалтIизаби гIакълу бугев чиясул пиша гуро. СунтIалде ругьунлъулел руго хъалиян цIалел бихьиналги. Гьез абула хъалиян тезе кумек гьабулин сунтI баялъ. Хъалиян тезе кумек гуро гьелъ гьабулеб, гьебги тун, гьел рачIунел руго сунтI баялде. Гьеб жо ккола цояб наркотикги тун цогидаб хIалтIизаби. ГIакълу бугев чи гьелъул гIуцIиялъухъгIаги балагьизе ккола. Гьеб мехалда бичIчIила гьеб лъикIаб жо гуреблъи. Гьелда гьорлъин абуни букIуна хъурараб тамахьо. Гьеб хехго бидулъ босизе гьорлъе жубала гач, гIанкIудал яги вараниялъул рак, махI лъикIлъиялъе цо-цо приправабиги. Гьединлъидал, гьеб жо хIалтIизабизе бегьулареблъи лъаларев чиясда кинаб цIарха лъелеб? Даруялъул бакIалда гьеб хIалтIизабулезда лъазе ккола инсанасул сахлъиялъе гIезегIан кIудияб зарал гьелъ гьабулеб букIин. Гьеб хIалтIизабиялдалъун инсанасул чорхолъ загьирлъула рак унти. Гьелда гьорлъ бугеб вараниялъул яги гIанкIудал рак сабаблъун чорхолъе ккола бакьазул инфекциял. СунтI хIалтIизабиялъ кванирукъалда ругъунги лъугьинабула. КIветIалда ва мацIалда багъарулеб буго рак унтиялъул опухоль.

СунтI баялъ инсан вачуна сурукълъиялдеги . ЧIегIер гьарун магIазулкъалалгун, балагьаразул ракI къалеб кьералъул лъугьуна, килщал рукIуна тIогьиллъун. ГIадамазда гьоркьовги сунтI балев чи хIакъиравлъун вукIуна.

БичIчIизе ккола, диналъул вацал ва яцал, гьеб зарал цIикIкIараб, нилъ мунагьалде цIалеб, нилъее щибго хайир ва кири гьечIеб жо букIин. ХIаракат бахъизе ккола гьеб рехун тезе.

**Гулисат Худатбегова, Гумбет районалъул больницаялъул врач - нарколог**

ДОКУМЕНТЫ

## Администрация муниципального района «Гумбетовский район»

**Постановление**

«11» августа 2017 г. № 125

### Об утверждении заключения по результатам публичных слушаний

На основании постановления главы администрации муниципального района «Гумбетовский район» от 27.07.2017г. №122 «О назначении публичных слушаний по проектам планировки территории и проектам межевания под объектами «Программа развития газоснабжения и газификации Республики Дагестан на период с 2016 по 2020 годы», расположенных в селах с.Мехельта, с. Сивух, с.Цилитль.

Администрация муниципального района «Гумбетовский район» - **постановляет:**

1. Утвердить заключение по результатам публичных слушаний по проектам планировки и межевания территории линейных объектов согласно приложению:

- газопровод межпоселковый до с.Мехельта Гумбетовского района Республики Дагестан, код стройки: 05/981-1

- газопровод межпоселковый от отвода к с.Мехельта - с. Сивух - с.Цилитль Гумбетовского района Республики Дагестан, код стройки: 05/982-1

2. Настоящее постановление подлежит размещению в сети интернет на официальном сайте администрации муниципального района «Гумбетовский район» http://mo-gumbet.ru/ и средствах массовой информации в течении трех календарных дней со дня его принятия.

3. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на зам.главы администрации муниципального района «Гумбетовский район» Ахмеднабиева Ш.М.

**И. о. главы администрации**
**Х. Магомедов**

ДОКУМЕНТЫ

## Администрация муниципального района «Гумбетовский район»

**Постановление**

«11» августа 2017 г. № 126

### Об утверждении планировки и проекта межевания под объектами «Программы развития газоснабжения и газификации Республики Дагестан на период с 2016 по 2020 годы»

На основании постановления главы администрации муниципального района «Гумбетовский район» от 27.07.2017г. за №122 О назначении публичных слушаний по проектам планировки территории и проектам межевания под объектами «Программа развития газоснабжения и газификации Республики Дагестан на период с 2016 по 2020 годы», расположенных в селах с.Мехельта, с.Сивух, с.Цилитль, руководствуясь статьями 41-45 Градостроительного кодекса Российской Федерации, Федеральным законом от 06.10.2003г. №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом муниципального района «Гумбетовский район», администрация муниципального района «Гумбетовский район»- **постановляет:**

1. Утвердить проекты планировки и межевания территории линейных объектов:

- газопровод межпоселковый до с.Мехельта Гумбетовского района Республики Дагестан , код стройки: 05/981-1;

- газопровод межпоселковый от отвода к с.Мехельта - с.Сивух - с.Цилитль Гумбетовского района Республики Дагестан, код стройки: 05/982-1.

2. Настоящее постановление подлежит размещению в сети интернет на официальном сайте администрации муниципального района «Гумбетовский район» http://mo-gumbet.ru/ и средствах массовой информации в течении трех календарных дней со дня его принятия.

3. Настоящее постановление вступает в силу со дня ее опубликования.

4. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на зам.главы администрации муниципального района «Гумбетовский район» Ахмеднабиева Ш.М.

**И. о. главы администрации**
**Х. Магомедов**

ЭКОНОМИКА

# Улучшение инвестиционного климата

### Вопросы предпринимательской и инвестиционной деятельности обсудили в Гумбетовском районе

**2 августа представители мобильного проектного офиса Республики Дагестан во главе с первым заместителем руководителя агентства по предпринимательству и инвестициям Республики Дагестан Магомедом Мусаевым провели выездное совещание по вопросам предпринимательской и инвестиционной деятельности в администрации Гумбетовского района.**

Целью встречи было оказание консультативной и организационной помощи предпринимателям и ознакомление их с государственными мерами и формами поддержки субъектов малого и среднего предпринимательства.

В мероприятии принимали участие и.о. главы МР «Гумбетовский район» **Хаджимурад Магомедов,** ответственные работники районной администрации, и.о. начальника отдела мониторинга и взаимодействия с органами местного самоуправления агентства по предпринимательству и инвестициям РД **Ахмед Абдуразаков,** консультант аппарата уполномоченного по защите прав предпринимателей РД **Загир Гаджиев,** начальник отдела развития субъектов малого предпринимательства в отрасли животноводства Министерства сельского хозяйства и продовольствия РД **Ильмутдин Салахбеков,** заместитель директора центра поддержки предпринимательства РД **Нурислам Хавчаев,** сотрудник комитета по госзакупкам **Рустам Кучимов,** руководитель ДРОО «Поддержка курса Главы Республики Дагестан» по Гумбетовскому району **Сайпудин Ахмедов,** главы сельских поселений, предприниматели района и другие.

Открывая встречу, Хаджимурад Магомедов отметил, что на сегодняшний день большое внимание в районе уделяется развитию предпринимательской деятельности и снижению неформальной занятости. В МР «Гумбетовский район» реализуется муниципальная программа поддержки малого бизнеса, в рамках которой предпринимателям оказывается информационная, консультационная и финансовая поддержка. «Предприниматели являются двигателемэкономического процесса, и поэтому нужно делать все, чтобы помочь им»,-добавил глава района.



Далее слово было предоставлено Магомеду Мусаеву. Он в своем выступлении отметил, что в последнее время уделяется пристальное внимание развитию малого и среднего предпринимательства в республике. С этой целью и организуются выездные мероприятия. Предприниматели встречаются с разными трудностями в ходе своей деятельности, и мы готовы помочь им в решении возникших проблем.Предприниматели должны знать о своих правах и обязанностях.Есть государственные органы, которые должны оказывать помощь и услуги им.

Выступивший далее Ильмутдин Салахбегов проинформировал участников встречи о мерах государственной поддержки, оказываемых сельхозтоваропроизводителям через Министерство сельского хозяйства и продовольствия республики.

«Хочу отметить, что зарегистрированные предприниматели и бизнесмены могут рассчитывать на содействие государства и помощь с нашей стороны», - заключил он.

Заместитель директора центра поддержки предпринимательства РД Нурислам Хавчаев проинформировал о действиях Федерального закона «О защите прав юридических лиц и индивидуальных предпринимателей при осуществлении государственного контроля (надзора) и муниципального контроля».

Загир Гаджиев рассказал о процедуре внедрения оценки регулирующего воздействия на нормативно- правовые акты, затрагивающих вопросы осуществления предпринимательской и инвестиционной деятельности, а также осуществляемых мероприятиях по защите прав предпринимателей.

Далее предприниматели района получили возможность задавать интересующие вопросы гостям, на которые получили исчерпывающие ответы.

В завершение мероприятия, Хаджимурад Магомедов поблагодарил гостей, пожелал им успехов в работе и заверил, что в районе будет уделено неустанное внимание развитию предпринимательства.

**РИО «Гумбет»**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**ГКУ РД ЦЗН в МО «Гумбетовский район» объявляет набор рабочих на временные работы в строительные отряды в Новгородскую область, в город Выборг в количестве 100 человек, также на сельскохозяйственные отряды в Республику Крым - более 400 человек. По вопросам обращаться в ГКУ РД ЦЗН в МО «Гумбетовский район».**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул кватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорк
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.